УÆЛЛАГ ИР, НÆ ФЫДÆЛТЫ АВДÆН, ДÆ БОНТÆ ДЫЛ ФÆРНÆЙ ЦÆУÆНТ!

# РÆСТÆГ / ЗАРЯ

РЦИ–АЛАНИЙЫ АЛАГИРЫ РАЙОНЫ ГАЗЕТ

АЛАГИРСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

*Газета основана в феврале 1933 года* 18 НОЯБРЯ 2023 ГОДА – ДЖЕОРГУЫБАЙЫ МÆЙ СУББОТА – САБАТ № 130 (12239) 6+

# УАСТЫРДЖИЙЫ ХОРЗÆХ УÆ УÆД!

## ДОРОГИЕ ЖИТЕЛИ РЕСПУБЛИКИ!

Поздравляю вас с одним из самых почитаемых национальных праздников – Джеоргуыба!

В эти дни мы с искренней верой и надеждой на лучшее обращаемся с молитвами к Всевышнему и Уастырджи о покровительстве во всех благих начинаниях, благополучии, мире и здоровье наших родных и близких людей.

Этот добрый и светлый праздник – не просто дань уважения традициям осетинского народа, его богатому духовному наследию, это еще и напоминание всем нам о необходимости становиться лучше, терпимее к ближнему, стремиться к созиданию и соблюдать обычаи предков.

Джеоргуыба отмечают представители многих национальностей, проживающих в республике, и эти праздничные дни – еще один повод почувствовать себя единым и сплоченным народом Осетии, способным вместе, несмотря ни на какие трудности, успешно строить свое настоящее и будущее.

В это непростое время мы отмечаем Джеоргуыба с особым чувством, обращая все светлые помыслы и искренние молитвы о мире и благополучии. Сегодня наши ребята героически отстаивают в зоне специальной военной операции безопасность нашей Родины, показывая отвагу, достойную их отцов и дедов. И вновь мы будем просить Уастырджи оберегать их на ратном пути, помочь вернуться домой с победой – живыми и здоровыми!

Пусть эти молитвы будут услышаны! Пусть в каждой семье, во всей республике и нашей большой многонациональной стране царят мир, согласие и благополучие!

Счастья, здоровья и процветания вам!

Джеоргуыбайы бонтæ уыл рæсугъдæй цæуæнт!

Уастырджи уын кæддæриддæр æххуысгæнæг уæд!

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
Глава РСО-Алания.



## С ПРАЗДНИКОМ!

Дорогие жители Осетии! От имени депутатов Парламента республики сердечно поздравляю вас с одним из самых почитаемых народных праздников – Джеоргуыба!

Этот праздник, который всю предстоящую неделю Осетия будет отмечать дружной многонациональной семьей, является символом духовных истоков и самобытной культуры осетинского народа, подтверждением преемственности поколений. Любовь к родной земле, почитание старших, крепость родственных уз, гостеприимство и взаимоуважение – нравственное наследие предков, во все времена служившее прочной основой нашего единства и сплоченности. В дни празднования Джеоргуыба по традиции старшие вознесут молитвы к Всевышнему и Уастырджи с просьбой о мире и процветании Родины, благополучии и изобилии каждой семьи. И самое главное, чтобы все наши земляки, находящиеся на передовой в зоне специальной военной операции, вернулись домой живыми и невредимыми.

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, мæ зынаргъ æмбæстæгтæ! Амонд, æнæниздзинад æмæ æнтыстдзинæдтæ уын мæ зæрдæ зæгъы! Арфæгонд ут!

**Таймураз ТУСКАЕВ,**
председатель Парламента РСО-Алания.

## ЗЫНАРГЪ ÆМБÆЛТТÆ!

Æрхæццæ та нæм ирон адæмы кадджындæр бæрæгбæттæй иу – Джеоргуыба, æмæ уын уый фæдыл зæрдиаг арфæ кæнæм. Æнæхъæн къуыри алы хæдзары дæр æртæ кæрдзынæй æмæ бæгæныйы къусæй кувдзысты Уастырджимæ, бæлццæтты æмæ æфсæддонты бардуагмæ.

Нæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй Уастырджимæ кувæн къуыри нæ уарзон Ирыстонæн æрхæсса сабырдзинад, фарн æмæ амонд!

Æххуысгæнæг уæд нæ хъайтар фæсивæдæн, цæмæй сæ фæрныг къонатæм уæлахизимæ здæхой. Азæй-азмæ нæл бæрæгбон дзæбæхæй цæуæд, фыдбылызæй хызт уæм, алкæддæр ыл зæрдæрухс æмæ амондимæ куыд æмбæлæм, ахæм арфæ нæ уæд!

**Алагиры районы Ныхасы совет.**

## ЗЫНАРГЪ АЛАГИРЫ РАЙОНЫ ЦÆРДЖЫТÆ!

Нæ Иры зæхмæ та æрцыдис, афæдзæй-афæдзмæ зæрдиагæй кæмæ фенхъæлмæ кæсæм, уыцы Джеоргуыбайы бæрæгбон. Нæ адæмтæ иугæнæг, нæ иумæйаг хæдзармæ сабырдзинад æмæ иузæрдиондзинад хæссæг бæрæгбон. Уый фæдыл уын зæрдиаг арфæ кæнæм!

Уæларвон Уастырджимæ – нæлгоймæгтæ æмæ бæлццæттыл аудæг, цардамондæй æнæхай чи фæцис, уыдоны хъахъхъæнæг, фæсивæды ахуыргæнæгмæ ацы бонты нæ хистæртæ кувдзысты. Курдзысты дзы фыдбылыз æмæ фыдæбонæй бахизын, æнæниздзинад æмæ фарнæй фæхайджын кæнын, зæххыл сабырдзинад æмæ разыдзинад бахъахъхъæнын. Æргом зæдæн йæ аудындзинад æгæр у.

Нæ хистæрты æппæт куывдтытæ æмæ фæдзæхстытæ фехъуысæнт Стыр Хуыцау æмæ Уастырджимæ, æхххæстгонд цæуæнт! Джеоргуыбайы бæрæгбон, хæлардзинад æмæ рæстдзинадыл нын не 'ууæнк фидар кæнгæйæ, фидæнмæ фидар ныфс раттæд.

Зынаргъ æмбæлттæ!

Джеоргуыбайы кадджын къыри уыл хъæлдзæгæй цæуæд, алы хæдзармæ дæр циндзинад, амонд æмæ фæрныгад æрхæссæд!

Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!

**ДЗАНТИАТЫ Ислам,**
Алагиры муниципалон районы сæргълæууæг.

**ГАДЖИТЫ Гермæн,**
Алагиры муниципалон районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг.

# ÆХХУЫСГÆНÆГ НЫН У...

Уастырджи ирон адæммæ æппæт зæдтæй кадджындæр у. Хонæм æй Стыр Хуыцау æмæ ирон адæмы 'хсæн дыууæрдæм минæвар. Хуыцауы ирон адæммæ исты хъуыддаг куы бæййы, уæд та ирон адæмæн куры хорздзинæдтæ, ирвæзын сæ кæны фыдбылызæй.

Уастырджийы адæмон сфæлдыстады ныв кæнынц урсзачъе ас лæджы хуызы, фæлмæн цæстæнгасимæ, мидбылхудгæ рухс цæсгомимæ, йæ рахиз къухы екс, йæ галиуы та – бæхы рохтæ. Тыхгæнджыты сæтты, ссæнды йæ иу тызмæг ракастæй дæр. Йæ бæх у рæсугъд, урс.

Уастырджимæ ирон адæм кувынц бирæ мин азты дæргъы, кувынц æм, сæхи йыл фæдзæхсынц, цæмæй сæ фыдбылызæй хъахъхъæна, рæстмæ хъуыддæгтыл сæ бæтта, æмæ сын царды зындзинæдты сæрты æнцондæр хизæн уа!

Уастырджи ирон мифологийы у нæлгоймæгтыл æмæ бæлццæттыл армдарæг зæд. Стыр Хуыцауы фæстæ Уастырджи ирон динон дунеæмбарынады ахсы дыккаг бынат. Цæры уæларвы. Уымæн, æрмæстдæр уымæн ис бар Хуыцауы раз хъуыддаджы фæдыл балæууынæн. Ирон лæг йæ зын сахаты йæхи фæдзæхсы Стыр Хуыцауыл, стæй та – Уастырджийыл, æмæ æууæнды, кæй йын баххуыс кæндзæн, Хуыцауæй йын хорздзинад кæй ракурдзæн.

Уастырджийыл фæдзæхсæм нæ бæлццæтты, нæ рынчынты, нæ кæстæрты, нæ алы хъуыддагдæр. У рæстаг зæд, мæгуырты æмæ рæстдзинадыл тохгæнæг, Уый, дам, æххуысмæ уайтагъд фæзыны, йæ ном ын куы сдзурай, уæд дæр.

Бæрзондæй фæлгæсы зæхмæ: йе 'ргом дары адæмы цардмæ, æмæ сын æй рæстытæ кæны, йæ цæст дары фыдæхххæссæг тыхты архайдмæ, йæ цæхæрæй сæ судзы. Куы бахъæуы, уæд зæхмæ адæммæ дæр æртæхы йæ базырджын урс бæхыл.

Уастырджи Иры зæхмæ ирон адæмæн æххуысмæ æрцæуы, æмæ кæм æрбады, уыцы бынæттæ систы кувæндæттæ: Хетæджы къох, Дзывгъисы Уастырджи, Стыр Дыгуры Уастырджи, Ломисы Уастырджи, Джеры Уастырджи æмæ æндæртæ.

Уастырджи у нæ ирон адæмы æнгомгæнæг уæларвон фарны тых, æмæ нæ хæс у кувын æм сыгъдæгзæрдæйæ, рæсугъд æнкъарæнтæ æмæ арфæйаг фæндтимæ. Ацы хатт дæр дзы курдзыстæм сабырдзинад, æнæниздзинад, фарн æмæ, абон Украинæйы тохы быдыры чи ис, уыдоны бахъахъхъæнын, цæмæй сæ фæрныг хæдзæрттæм тагъд рæстæджы сæздæхой!

# БÆРÆГБОНЫ РАКУЫВД

Уæларвæй нæм, цæхæртæкалгæ, буцæй,
Табу йæхицæн, Уастырджи æрхæццæ.
Æмæ йæ фидар базырты ныррухсæй
Нæ Иры дзыллæ а-изæр фæсæццæ.
Сыгъзæрин дзуар, дæ æрткъах бæхæй рахиз,
Дæ номыл махмæ ис рæсугъд бæрæгбон.
Дæ фарн нæ уæд, фыдбылызæй нæ бахиз,
Нæ куывд та-иу æдзух фæкæн уæларвон.
Дæ тæхæн – дуне, Уаза хох – дæ кæсæн,
Дæ уындæй та нæ Ирыстоны рахур.
Æмæ дæуæн зæрдиагæй фæдзæхсæм –
Хуыцауæй ма нын хорздзинæдтæ ракур.
Бæрзонд Уастырджи, арвы цъæхы бадæг,
Дæуæй сæрыстыр рагæй дæр нæ адæм.
Нæ кæстæртæ дæ бар фæуæнт, дæ уазæг,
Дæ рахиз къæбазы бын-иу сæ бакæн.
Дæ лæггад – бирæ, зонæм дын дæ ахаст,
Ды куы дæ махæн хорз æмбал, æгъдæнцой.
Нæ бæлццæтты æдзухдæр кæн фæндараст,
Сæ къонатæм сæрæгасæй куыд цæуой.
Хуыцауæн ды йæ минæвар – нæ Иры,
Нæ адæмы æрвыст лæг та – Хуыцаумæ.
Æмæ нæ зонд сыгъдæг фæндтæ кæд пиры
Фæхæсс сæ уæд æппæтæй дæр цъæх арвмæ.
Тæхгæ барæг, нæ сæртæ уæнт дæ нывонд,
Æмæ фæу ды ахæм дзуар – æрдхæрæн,
Нæ Ир куыд уа дæ хæрзтæй дзаг æрвылбон,
Дæ номыл мах нæл кусæрттæ куыд кæнæм!

**ТОХСЫРТЫ Къоста.**

ПРИЗНАНИЕ

# Премии – молодым литераторам



**Глава РСО-Алания Сергей Меняйло принял участие в торжественной церемонии награждения лауреатов государственной премии имени Мисоста Камбердиева.**

На звание обладателей престижной премии для молодых литераторов Северной Осетии имени выдающегося осетинского поэта начала 20 века претендовали пять молодых авторов, пишущих на осетинском и русском языках. Члены комиссии – известные писатели, ученые, редакторы литературных журналов и газет, представители госструктур – оценивали оригинальность текстов, новаторский подход авторов к литературному творчеству, раскрытие в рассказах и стихах тем нравственности, духовности и патриотизма и, конечно, языковую безупречность текстов. В итоге были отобраны два победителя в номинациях «Проза» и «Поэзия». В номинацию «Драматургия» не поступило ни одной заявки.

Указом Главы РСО-Алания государственная премия имени Мисоста Камбердиева в области литературы за 2021-2022 годы присуждена:

- в номинации «Проза» старшему преподавателю кафедры журналистики и медиакоммуникаций СОГУ **Царикаевой Оксане Хетаговне** за рассказ «Уидæ раздæр Иристони»;
- в номинации «Поэзия» учителю осетинского языка и литературы средней школы № 44 г. Владикавказа **Бетеевой Фатиме Гелаевне** за сборник стихотворений «Уалдзыгон къæвдатæ».

Победителей поздравил Сергей Меняйло.

– Приятно осознавать, что в нашей республике достаточно умных, образованных, творчески активных людей, стремящихся не только воплощать свои идеи и замыслы, но и достойно участвовать в подобных конкурсах. Верю, что национальная литература и дальше будет развиваться, а молодое поколение сможет не только сохранить, но и приумножить богатое наследие, оставленное предшественниками. Хочу пожелать вам не останавливаться в своем творческом поиске, искать новые смыслы, способы выражения, чувствовать дух времени, его острые проблемы и задачи. Только так ваши произведения будут актуальны, а значит, востребованы читателем.

Лауреатам вручены дипломы и денежное вознаграждение в размере 50 тысяч рублей.

Напомним: литературная премия молодым авторам республики учреждена Указом Главы РСО-Алания в 2013 г. для совершенствования системы государственного премирования за достижения в области литературы и поддержки молодых авторов в возрасте до 35 лет.

**По материалам пресс-службы Главы и Правительства РСО-Алания.**

АДÆМ НÆ АЛЫВАРС

# Мæ дзæбæх сыхаг

**Хорз сыхаг, дам, хæстæг, хионау адджын у. Адæймаг, дам, хурыскасты разæй дæр йæ хорз сыхаджы уындыл бацин кæны. Æмæ ма нын бирæ æндæр арфхъуыдыджын ныхæстæ баззад хорз сыхаджы тыххæй нæ куырыхон фыдæлтæй. Æмæ, æцæгæйдæр, бахъуыды рæстæг адæймагæн, фыццаджыдæр, йæ хорз сыхаг æрбалæууы йæ уæлхъус. Æххуысы къух æм йæ мадызæнæджы разæй дæр уый бадары.**

Бирæ азты дæргъы, мах, Фыййагдоны 10-æм хæдзары цæрджытæ, цæрæм «а» æмæ «о»-йæ, кæрæдзийы уарзгæйæ, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ, нæ кæрæдзийы фенд нын дæтты æхцондзинад. Æз се 'ппæтæй дæр дæн стыр бузныг сæ адæймагдзинад, се 'рхъуыдыдзинадæй. Фæлæ мæ фæнды бæлвырддæр зæгъын Хъуылымбегты-Табуты Жаннæйы тыххæй.

Жаннæ у хæрзуд, хæларзæрдæ, алцыæмбараг, цæстуарзон, йæ цæхх, йæ кæрдзын йæ армы чи дары, ахæм сылгоймаг. Сыхбæсты цин уа, зиан – цыфæнды рæстæг дæр фæкæсынмæ Жаннæ кæддæриддæр у цæттæ. Сыхбæсты, бахъуыды рæстæг, кæй уæларынг нæ балæууы, ахæм бинонтæ нæ разындæн, йе 'ххуысы хай бакæны поселочы суанг ма æндæр сыхы дæр.

Афтæ куы зæгъон, йæ лæггаддзинæдтæ сты æнæнымæц, уæд æппындæр нæ фæрæдидзынæн. Йæ алы фезмæлдæй дæр, йæ алы сныхасæй дæр архайы йæ уарзон сыхæгтæн балæггад кæныныл. Йæ армытъæпæнтæй сой лæдæрсы, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм бæркадхъух, арæхстджын, рæдау æфсин у Жаннæ. Йе сконд хæринагæй адæймаг хæрынæй нæ фефсæды. Бинонтæн хъарм къæбæр скодта, æмæ йæ хæрзад хойрагæй сыхæгты ма фæхынца, афтæ никуы вæййы. Фæллойуарзаг сылгоймагæн йæ сыгъдæг удвæллойы бæркадæй дзаг у йæ фæрныг къона. Нарты Сатанайау йæ къæбиц уæлейæ исгæ, бынæй ахадгæ у. Йæ исæй рæдаудæй хайджын кæны йæ алыварс адæмы, йæ сыхæгты. Кæуылты у йæ къæбæрдæттондзинад! Йæ уд фæллад нæ зоны, йæ зæрдæ та – æнцой. Йæ уды хорзæхæй адæмимæ цæрын фæразы. Бирæ азты дæргъы фарнамонд æмæ рæдаудзинад адæмы тауы. Бакастæй аив, зæрдæйæ æнкъараг у мæ хорз сыхаг. Алы хъуыддаджы дæр у хъæппæрисджын. Йæ хъус дары нæ иумæйаг кæртыты сыгъдæгдзинадмæ. Арæх расиды зиутæ. Рамбырд кæны сыхæгты – кæстæрты æмæ, йæхæдæг сæ разæй, афтæмæй уайтагъд цæхæртæ скалын кæнынц нæ цæрæнхæдзары алывæрстæ, бацæуæнтæ.



Жаннæ у, хæдзары артдзæсты хъармдзинад, бинонты фарн кæмæй цæуы, ахæм хистæр, хорз мад, уæздан æфсин æмæ фæлмæн нана, мыггагæн, хиуæттæн, хæстæджытæн зæрдиаг лæггадгæнæг. Схъомыл кодта æмæ царды раст фæндагыл сæвæрдта чызг æмæ дыууæ лæппуйы. Радта сын уæлдæр ахуырад. Æртæйæ дæр сты адæмуарзон, фæллойуарзаг, уæздан, æнæхин, æмгарджын, æфсармджын кæстæртæ. Хъысмæты фæндонмæ гæсгæ ссардтой сæ амæндтæ дæр. Хъуылымбегты фæрныг къонамæ æркуывтой дыууæ уæздан чындзы. Хорз сиахс, дам, бинонтыл нымад вæййы, æмæ Жаннæйы Хуыцау уæздан сиахсæй дæр бафæрыдта. Йæ рæсугъд кæстæртæ се 'ппæт дæр сæхи сыгъдæг удвæллойæ сты цардхъом æмæ ма æххуысхъом дæр. Искæмæ сæ æххуысы охыл куы баулæфай, уæд цыфæнды хъуыддаг дæр ныууадздзысты æмæ дын дæ курдиат сæххæст кæндзысты. Сыхбæсты, комбæсты цины – лæггадгæнджытæ, зианы – фыдæбонгæнджытæ. Кад æмæ радимæ æххæст кæнынц æхсæнадон царды домæнтæ. Дунесфæлдисæг мæ дзæбæх сыхаджы хъæбулты хъæбултæй дæр барæвдытæ. Йæ чысыл цыппар хуры тыны сты йæ цин, йæ цæсты рухс. Хуыцау ын сæ бабирæ кæнæд! Амондимæ байрæзæнт, бахъомыл уæнт!

Зæххон царды рæсугъддзинад æрмæст уындæй нæ вæййы, фæлæ ма зæрдæйы хорздзинадæй æмæ, æххуысхъуагмæ йе уæхск бадарынхъом куы вæййы, уæд уыцы адæймагæн аргъ нæй. Гъе, ахæм æвæджиауы миниуджытæй се 'ппæтæй дæр хайджын сты мæ зынаргъ сыхæгтæ – Хъуылымбегты бинонтæ.

Æз мæхæдæг бирæ лæггадтæ зонын Жаннæ æмæ йæ кæстæртæй. Кæддæриддæр мыл узæлынц хорз хионау. Æмæ сын мæ сæрæй ныллæг кувын, зæгъын сын «стыр бузныг». Цард цæрынæн у, æмæ Хъуылымбегты æнгом бинонтæ цъæх арвы бын цæрынæй бафсæдæнт! Хистæрæйкæстæрæй, стырæй-чысылæй æдзух цинæфсæст уæнт!

Ацы зыд, кæрæф, æнæфсис дуджы адæймаджы сыхаджы хорзæх куы уа, уæд уый у Хуыцауы зæрдиаг лæвар! Гъемæ уе 'ппæт дæр, зынаргъ газеткæсджытæ, хорз, сыгъдæгзæрдæ сыхæгтæй хайджын ут!

**ФÆРНИАТЫ Райæ,**
Фыййагдоны поселочы цæрæг.

АРФÆЙЫ НЫХÆСТÆ

# Æппæлинагæй – раппæл!

Алы адæймаг дæр, йæ хæдзары къæсæрæй ракъахдзæф кæнгæйæ, у бæлццон. Æмæ дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, дæ къонайыл дзæбæхæй сæмбæл, зæгъгæ. Цæвиттон, ацы ныхæсты рæстдзинад æрæджы мæхиуыл бавзæрстон æз дæр, цыдæр хъуыддаджы фæдыл мæ хæдзарæй нæ чызгимæ куы рацыдыстæм, уæд.

Фæскомцæдисы æмæ Ленины уынгты тигъыл, æртыккæгæм астæуккаг скъолайы раз, мæ къах фæзылын æмæ мæхи нал баурæдтон, размæ бахаудтæн. Мæ уæрджытæ ныппырх кодтон, мæ галиу къахыл мæ бон æрлæууын нæ уыд. Мæ чызг ма мыл схæцынмæ бæргæ хъавыд, фæлæ уымæн дæр нæ бантыст. Уыцы уавæр уынгæйæ, сæ хæдтулгæйæ дыууæ æрыгон лæппу-лæджы, мæ фырты карæнтæ, рагæпп кодтой æмæ мæ зæххæй фелвæстой, машинæйы мæ фæстаг бадæныл арæхстгай æруагътой. Сæ зæрды уыд мæн рынчындонмæ аласын, махæн дæр мадæлтæ ис, зæгъгæ. Фæлæ сын нæ бакуымдтон, æмæ мæ уæд мæ хæдзармæ баластой.

Фæндагыл бауадзыг дæн, уый аххосæй, нæдæр хæдтулгæйы номыр нæ федтон, нæдæр мe 'ххуысгæнджытæн сæ мыггæттæ, нæмттæ нæ бафарстон. Фæлæ, сæ ныхасмæ гæсгæ, скодтон хатдзæг, Уæллаг Бирæгъзæнгæй кæй сты.

Хæдзармæ нæм «тагъд æххуысы» машинæ куы 'рбахæццæ, уæд фелсыртæй иу уыд Зæнджиаты Беллæ (иннæйы, хъыгагæн, нæ базыдтон), шофыр та – Байсогъуырты Алыксандр. Фыццаг æххуыс мын ракодтой, стæй мæ уый фæстæ аластой Æрыдоны рынчындонмæ. Уым мын травматологийы хайады дохтыр мæ къахыл гипс сæвæрдта, куыд рабæрæг, афтæмæй, къахы дæлфад тынг хъыгдард баййæфта.

Бузныг сын, чи мæм фæкаст бахъуаджы рæстæг, уыдонæн се 'ппæтæн дæр, сæ цæрæнбон сын Хуыцау бирæ скæнæд! Хорзæй хорз зæгъын хъæуы, æмæ нæм æгайтма ахæм хæрзæгъдау, хæларзæрдæ фæсивæд ис! Уыдон сты уæлдай раппæлыны аккаг, цæмæй сæ иннæтæ дæнцæг исой. Бузныг, фыццаджыдæр, сæ ныййарджытæн, ахæм цот кæй схъомыл кодтой! Хуыцау сын сæ кæстæртæн бирæ тых, бирæ хъару раттæд, амондджын уæнт!

**ЦОГОЙТЫ** Зæлинæ.

ВЕРНИСАЖ

# В каждой картине–душа творца

**В Алагирской детской школе искусств интересная традиция: устраивать персональные выставки работ отличившихся учеников. Возраст и уровень профессионализма здесь роли не играют. Главное – желание юного художника постоянно развиваться и достигать новых высот.**



В эти дни в фойе школы открыта персональная выставка работ ученицы 6 класса художественного отделения **Кристины Качмазовой** *(на фото – вторая слева)*. В экспозиции представлено более 20 работ, выполненных в разных жанрах и на разную тематику.

Свои первые шаги в искусстве Кристина начала делать под чутким руководством тогда еще заведующей художественным отделением АДШИ, заслуженного работника культуры РСО-Алания **Ирины Сосланбековны Дзоблаевой.** Позже развить талант девочке помогли молодые педагоги **Мадина Казбековна Гогаева** и **Марат Казбекович Гогаев.**



Как отметили на открытии выставки профессионалы – преподаватели школы искусств, живописным работам Кристины Качмазовой характерен живой мазок, разнообразный интересный колорит. Грамотное построение и штрих в полной мере передают форму, объем и пространство в графике. Весьма интересные сюжеты, нередко обращенные к национальной тематике, использует юная художница в композиции. В каждой картине – душа творца. Они пропитаны добром, позитивом.

Персональная выставка работ Кристины Качмазовой открыта для просмотра всем посетителям Детской школы искусств. Ребята говорят, что такие показы – это тоже своеобразный урок: равняться на лучших и самому стремиться к вершинам творчества.

Завершив учебу в Алагирской детской школе искусств, Кристина Качмазова планирует продолжить свой путь в творчестве – поступить во Владикавказское художественное училище им. Азанбека Джанаева. А пока с некоторыми работами ей предстоит принять участие в региональном этапе Дельфийских игр – фестивале «Молодость Осетии». Пожелаем юной художнице успехов и побед!

**Залина КАЙТУКОВА.**

## ПОЗДРАВЛЕНИЯ. ОБЪЯВЛЕНИЯ. РЕКЛАМА

**Нæ Иры зæхмæ æрхæццæ кæны ирон адæмы уарзондæр æмæ кадджындæр бæрæгбон – Джеоргуыба!**

**Ацы рæсугъд бæрæгбоны фæдыл нæ фæнды зæрдиаг арфæ ракæнын санатори «Тæмисчъы» сæргълæууæг КАТАУТЫ Алан, БОКОТЫ Эльбрус, ХОХТЫ Михаил, ХЪАЙТЫХЪТЫ Алан, БОТЪОТЫ Альберт, БЕКЪОЙТЫ Алан, ЛАЗАРТЫ Юрик æмæ æппæт нæлгоймæгтæн дæр!**



*Бæрæгбон уын æрхæссæд фарн æмæ амонд! Æнæниз æмæ æнæмастæй цæрут уæ уарзон бинонтимæ, фарн уæ алкæйы къонайы дæр!*

**Уе 'мкусджытæ.**

---

**УВАЖАЕМЫЕ ПОДПИСЧИКИ!**
**24 ноября 2023 года Алагирский почтамт традиционно проводит**

## ДЕНЬ ПОДПИСЧИКА

Приём подписки ведется по основным ценам подписной кампании, льготным категориям граждан подписка оформляется по льготе № 3.

Вы можете принять участие в розыгрыше призов по адресу: **г. Алагир, ул. Комсомольская, 35.**

**Условия акции остаются прежними:**
**- выписать два и более издания, одно из которых – ежедневное.**

**ГЛАВНЫЙ ПРИЗ – МИНИ-ПЕЧЬ!**

**Администрация почтамта.**

---

**ТРЕБУЕТСЯ БРИГАДА ОБРЕЗЧИКОВ** для обрезки деревьев (сад 70 гектаров). Оплата сдельная-высокая. Обращаться: с. Црау, ул. Восточная,1, предгорный сад "ВЛАДКА"
☎ 8-988-722-69-12.

---

## ГРУЗОТАКСИ

**по району и республике.**

**КОПАЮ ОГОРОДЫ мотоблоком.**
☎ 8-989-036-16-67.

---

### УСЛУГИ:

**НАКРЫВАЕМ КРЫШИ. КЛАДКА БЛОКАМИ. БЕТОННЫЕ РАБОТЫ. ПОДШИВКА,** утепление и **УСТАНОВКА ПОТОЛКОВ. РЕМОНТ И УСТАНОВКА ВЫТЯЖНЫХ ТРУБ** от колонок и котлов. **СНИМАЕМ СТАРЫЙ АСФАЛЬТ,** погрузка и вывоз.
☎ 8-928-072-45-20.

**КОПАЮ ОГОРОДЫ ЯПОНСКИМ МИНИ-ТРАКТОРОМ ИЛИ МОТОБЛОКОМ.** Качество гарантирую.
☎ 8-928-485-73-53, Борис.

**САНТЕХНИКА. УСТАНОВКА СМЕСИТЕЛЕЙ, УНИТАЗОВ, РАКОВИН, БИДЕ.**
☎ 8-928-065-83-61, 8-988-872-97-90.

**СПИЛ ДЕРЕВЬЕВ** любой сложности, в любом месте.
☎ 8-918-704-74-59.

**УСТАНОВКА ВАГОНКИ, ЛАМИНАТА, ПЛАСТИКА. ОТКОСЫ. ГАЗОНОКОСИЛКА.**
☎ 8-962-749-45-55.

**РЕМОНТ СТИРАЛЬНЫХ МАШИН НА ДОМУ.**
☎ 8-909-474-29-99, 8-989-743-06-09.

**НАСТРОЙКА ДУХОВОК** газовых и электрических плит любой сложности под быструю выпечку осетинских пирогов. Гарантия.
☎ 8-918-827-36-36, 8-928-927-36-36.

---



Семья Агнаевых благодарит соседей, родственников, друзей, всех, кто разделил с ней боль утраты дорогого **Агнаева Ахсарбека Георгиевича.**

Пусть в ваших домах царят мир и благополучие, пусть ваши близкие будут здоровы и счастливы.

**Извещаем, что сороковые поминки Ахсарбека состоятся во вторник, 21 ноября, по адресу: ул. А. Агузарова, 16.**

---

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО.**
Гробы, накидки, венки. Оркестр, дудук.
☎ 8-928-065-20-00, Алла.

---

**ЭлиКам**
**ОКНА и ДВЕРИ из ПВХ**
**РАССРОЧКА на 5 месяцев**
**ГАРАНТИЯ. КАЧЕСТВО**
**КРЕДИТ – ОТП-банк**
☎ 8-928-070-94-77.





---



**ФИРМА "Казбек"**
**ОКНА и ДВЕРИ.**
**СЕТКА В ПОДАРОК.**
**РАССРОЧКА. ГАРАНТИЯ. РЕМОНТ.**
☎ 8-960-400-28-11.

---

**ФИРМА "Домбай"**
**ОКНА и ДВЕРИ из ПВХ.**
**ПОДОКОННИКИ, ОТЛИВЫ, СЕТКИ.**
**РЕМОНТ.**
☎ 8-961-823-12-31, 8-918-707-62-22.



---

**УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ АЛАГИРСКОГО РАЙОНА!**
**При аптеке № 7 работает СПЕЦИАЛИСТ ПО МАССАЖУ И ОКАЗАНИЮ ЛФК-процедур.**
**ИНВАЛИДАМ (взрослые и дети) ЛФК БЕСПЛАТНО.**
**ВЫЕЗД НА ДОМ.**
☎ 8-962-747-50-12, Роза.

---

**В клинике «Семейная медицина» (г. Алагир, ул. Карла Маркса, 39)**
**ВЕДЕТ ПРИЁМ ВРАЧ-ИНФЕКЦИОНИСТ**
высшей категории, заслуженный врач РСО-Алания
**ХАМАТОВА Эмилия Аристарховна.**
Запись по ☎ 8 (8672) 70-75-56.

---

**ВЫПЕЧКА ДОМАШНИХ МЕДОВЫХ ТОРТОВ.**
**ГОТОВЛЮ САЛАТЫ:** свекла со специями, маринованная капуста с куркумой и болгарским перцем, маринованные кабачки с болгарским перцем, квашеная капуста.
☎ 8-906-188-38-83.

---

**ГУ АТП «Автоколонна-1691»**

## ТРЕБУЮТСЯ ВОДИТЕЛИ

**категории "D".**
☎ 3-59-44.

---

### КУПЛЮ:

**ГРЕЦКИЙ ОРЕХ:** очищенный – 350 руб., 400 руб., 500 руб; неочищенный – 80-90 руб/кг.
☎ 8-918-828-92-42.

---

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
**ВЫЕЗД СПЕЦИАЛИСТОВ КРУГЛОСУТОЧНО.**
**КАТАФАЛК, ОРКЕСТР, ДУДУК, ДОСТАВКА РИТУАЛЬНЫХ ПРИНАДЛЕЖНОСТЕЙ.**
☎ 8-928-068-66-91, 8-918-822-06-53.

---

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ** КРУГЛОСУТОЧНО.
**ВОЗМОЖНО УКОЛОМ. ОДЕЖДА, КАТАФАЛК, ОРКЕСТР, ДУДУК. КИРПИЧ, ПЛИТЫ. ГРОБЫ, НАКИДКИ, ВЕНКИ. ДОСТАВКА БЕСПЛАТНО. ПЕРЕВОЗКА ТЕЛА УМЕРШЕГО.**
Возможна оплата после похорон. Обр-ся: г. Алагир, ул. Ч. Басиевой, магазин «Стекляшка». ☎ 8-928-933-42-32.

---

**ФИРМА «МЕГА»**
Пластиковые
**ОКНА, ДВЕРИ и ОТКОСЫ.**
**На каждое 2-е окно МОСКИТНАЯ СЕТКА В ПОДАРОК.**
**Качественно.**
☎ 8-918-701-81-22, 8-989-130-98-23.

---

### ПРОДАЮТСЯ:

**ОТРУБИ,** от 200 мешков – 200 руб.; **САХАР; МУКА:** Аланская, «Агат», «Зеленокумск» – 1250 руб.; **КУКУРУЗА, ЛÆХУРД, ЯЧМЕНЬ, КОМБИКОРМ** (ПТ, КРС), **СТАРТ, РОСТ, ФИНИШ, НЕСУШКА, жом, жмых, ячмень молотый; КРУПЫ по 5 кг, СОЛЬ; ТУАЛЕТНАЯ БУМАГА, САЛФЕТКИ; ТОПЛЁНОЕ МАСЛО, СГУЩЁНКА, МАСЛО подсолнечное.**
Доставка. Работаем с 7 до 23 ч, без выходных.
**Наш адрес:** угол ул. А. Агузарова и Ленина, магазин "Хойраг".
☎ 8-918-838-61-13, 8-928-687-56-13, Марат.

**СЫР осетинский – 300 руб/кг.**
☎ 8-918-836-74-90, Зарина.

**СЕНО луговое** хорошего качества, в тюках – 170 руб/шт.
☎ 8-988-838-00-86.

**СЕНО отличного качества, в тюках – 200 руб. Самовывоз.**
☎ 8-905-489-61-66.

**МАЗЬ ДЛЯ СУСТАВОВ.**
☎ 8-988-873-57-47.

**Следующий номер "Зари" выйдет в свет 23 ноября**

---

Родители воспитанников младшей группы детского сада № 6 выражают глубокое соболезнование семье Савхаловых по поводу безвременной кончины
**ГАБИСОВОЙ Татьяны Асланбековны**

Воспитатели и няня младшей группы детского сада № 6 выражают глубокое соболезнование семье Савхаловых по поводу безвременной кончины
**ГАБИСОВОЙ Татьяны Асланбековны**

Ветераны и личный состав ПЧ-5 скорбят по поводу безвременной кончины
**ГАБИСОВОЙ-САВХАЛОВОЙ Татьяны Асланбековны**
и выражают глубокое соболезнование семье и близким

Соседи по ул. КИМ скорбят по поводу кончины
**ЦОГОЕВОЙ Эльмы (Валентина) Дохциковны**
и выражают глубокое соболезнование родным и близким

Коллектив средней школы № 2 выражает глубокое соболезнование Т.Б. Дзбоевой по поводу кончины супруга
**ДЗБОЕВА Фидара**

---

**Использование материалов и клише допускается только с письменного разрешения редакции. При перепечатке ссылка на "Зарю" обязательна. Редакция не вступает в переписку с авторами. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Ответственность за содержание и достоверность сведений в газетных материалах и рекламных объявлениях несут авторы.**

**Газета набрана и свёрстана в компьютерном цехе редакции, вёрстка – Валерий Козырев, Фатима Мамиева. Корректор – Элина Льянова.**

УЧРЕДИТЕЛЬ: АМСУ Алагирского района РСО-Алания (363240 РСО - Алания, г. Алагир, ул. Кодоева, 45).

**Главный редактор Д.Е. СУАНОВА**

Газета зарегистрирована 15 ноября 2012 года Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания, регистрационный номер ПИ № ТУ 15-00080.

*Телефоны редакции:*
*главный редактор — 3-29-72*
*главный бухгалтер — 3-14-64.*

Выпуск осуществлён при финансовой поддержке Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций РФ

*Отпечатано в АО "Осетия-Полиграфсервис": г. Владикавказ, пр. Коста, 11.*

Подписано в печать в 16-40 (по графику — 17-00).

Индекс – П6179. Печать офсетная.
Объем – 1 п. л. Тираж – 2541 экз.
*Заказ № 1336*

Газета выходит во вторник, четверг, субботу на русском и осетинском языках. Цена свободная.

Адрес редакции и издателя: 363240, РСО-А, г. Алагир, ул. Сталина, 72.
E-mail: gazeta_zaria@mail.ru
сайт: zarya15.ru